

7 KONSÈY

POU EVITE SIBI TRAFIK MOUN

Pandan vwayaj ou, toujou aplike konsey sa yo



1

PA JANM PÈDI PYÈS IDANTITE OU

Pa kite lòt moun kenbe pyès idantite ou. Si yo gen pyès ou, yo ka pran libète ou.



2

SA TWO BÈL POU SA TA VRE

Rete sou pinga ou chak fwa yo ofri ou pou fè lajan fasil : eksplwatè yo ap ba ou atirans ak pwomès bèl mèyèy.



3

PRÈ KI SISPÈK

Mefye ou ak moun ou pa konnen k ap vin ofri ou prete lajan : lajan sa a ka fòse ou mennen aktivite ou pa vle.



4

ENTÈVYOU KI DWÒL

Rete veyatif parapòta entèvyou anbochay k ap mande ou foto kote ou preske touni. Evite tonbe nan pyèj sa a.



5

PWOTEJE PITIT FI AK PITIT GASON NOU

Veyatif sou ki moun pitit gason ou ak pitit fi ou ap fè zanmi : trafikan yo gen je tou sou jènfi ak jèn gason.



6

PATAJE ENFÒMAS

Pataje ak fanmi ou e ak zanmi ou kontak moun ki anplwaye ou la (non li, adrès ak nimewo telefòn travay la).



7

RAPÒ

Depi gen siy ki fè ou sispèk, avèti otorite kolonbyèn yo.

RELE NAN
01 8000 52 20 20
 Nimewo telefòn Nasyonal pou asistans gratis kont Trafik Moun.

BAY ALAM SOU LIBERTAPP
 Telechaje aplikasyon mobil la epi apiye sou bouton « alam » la oubyen sou bouton « Siyale ka ou. »
 Disponib sou Andwoyid ak iOS.

#LaviOuAp Chanje

Yon kanpay :

Con el apoyo financiero de:



EKRI

tratadepersonas@mininterior.gov.co
 Enfòmasyon w ap bay yo ap konfidansyèl.